



Lekòl Piblik Oranj Kanti

Fòm Konsantman Paran Pou Teknoloji, Media, ak Enfomasyon

Lekòl Piblik Oranj Kanti ap respekte ke fanmi genyen dwa pou yo pran desizyon edikasyonel pou etidjan-yo. Fòm-yo ki ansanm anba lèt sa-a ap bay paran/gadyen legal-yo dwa pou yo pran enpotan desizyon konsènan ki jan etidjan-yo kapab sèvi ak resous teknoloji ki disponib, ki jan distrik-la ap sèvi ak media etidjan-yo ki disponib, e ki kalite ranseyman idantite pèsonel ki relache konsènan etidjan-yo. Tanpri li enfomasyon pi ba ak anpil atansyon, plen ranseyman, e fè chwa ki apwopri pou etidjan paou. Enfomasyon ki ramase nan fòm sa-a ap disponib nan lekòl-yo a travè Sistèm Enfomasyon Etidjan distrik-la pou gide edikasyon etidjan-ou.

Mèsi.

Non Paran/ Gadyen Legal _____ (Prenon) _____ (Siyati) _____ Siyati Paran/ Gadyen Legal _____

Lyen Parante ak Etidjan _____ Nimero Telefòn _____

Adrès Pèmanant _____ (Nimero/Lari) _____ (Vil) _____ (Eta) _____ (Kod Postal)

Non Etidjan _____ (Prenon) _____ (Siyati) _____ Nivo _____ Dat 05/02/2019

Nimero Etidjan _____

Email Confirmation Receipt to: _____ (Optional)



OCPS angaje pou li bay yon anviwonman edikasyonel ki gen sekirite, ki pozitif, pwodiktif e ankourajan. OCPS kwè ke tout etidjan ta dwe genyen aksè nan teknoloji (tankou aksè nan lojisyel, entènèt ak rezo) lè yo aji yon fason ki responsab, efikas, koutwaz ak legal.

Rezon Edikasyonel

Aksè nan teknoloji te etabli pou rezon edikasyonel e l'ap mache men nan la men ak kirikilom distrik-la e ak standa Laflorid-yo. Mo 'rezon edikasyonel' genyen ladan aktivite akademik kap amelyore direktman konpetans pou 21yèm syèk tankou kreyativite, inovasyon, rezonman kritik, rezolisyon pwoblem, kominikasyon ak kolaborasyon.

Antanke etidjan mwen pral:

- Sèvi ak teknoloji pou rezon edikasyonel
- Swiv règleman Kod Kondwit Etidjan
- Swiv la lwa lokal ak lwa leta

Antanke etidjan mwen pap:

- Sèvi ak teknoloji distrik pou rezon komèsyal
- Ofri, bay oubyen achte pwodwi oubyen sèvis sèvi ak nenpòt resous OCPS-yo

Aksè Entènèt Pou Etidjan

Tout etidjan ap genyen aksè nan entènèt ke distrik-la ap sipèvize nan sal de klas, sant media oubyen laboratwa konpyoutè. An akò ak Akt Pwoteksyon Ti Moun Nan Entènèt (CIPA) ak Akt Pwoteksyon Entimite Ti Moun Anliy (COPPA), tout aksè nan entènèt pou ti moun OCPS-yo filtre. Sepandan, bagay sa-a pa anpeche posibilite ke kèk sit ki pa apwopriye pa bloke nèt.

Antanke etidjan mwen pral:

- Sèvi ak aksè nan entènèt pou rezon edikasyonel

Antanke etidjan mwen pap:

- Sèvi ak entènèt OCPS pou aksede nan materyel pornografik pwofann oubyen obsènn
- Sèvi ak entènèt OCPS pou rekomande kèk aksyon ilegal
- Sèvi ak entènèt OCPS pou rekomande violans oubyen fè diskriminasyon kont kèk moun

Itilizasyon Responsab

Pou asire yon anviwonman edikasyonel ki gen sekirite, ki pozitif, pwodiktif e ankourajan pou tout moun, etidjan sipoze demontre itilizasyon teknoloji responsab sa yo.

Sekirite Pèsonel

Antanke etidjan mwen pral:

- Kenbe ranseyman prive tankou adrès mwen, nimewo telefòn mwen, dat nèsans mwen, ak lot ranseyman idantifyab-yo prive
- Di yon pwofèsè oubyen lot anplwaye OCPS-yo si nenpòt ki moun eseye sèvi ak teknoloji pou fè mwen mal oubyen pou pesekite m'
- Di yon pwofèsè oubyen lot anplwaye OCPS-yo lè kèk moun ou kèk bagay fè mwen santi m' enkonfòtab

Antanke etidjan mwen pap:

- Bay yon lot etidjan mo de pas mwen
- 'Log in' nan yon kont ki pa pou mwen
- Sèvi ak teknoloji OCPS pou fè kèk aksyon ilegal. Pa egzanp, ranje pou vann dwòg, achte alkol, fè kèk aktivite gang kriminel, oubyen menase sekirite yon lot moun.
- Fè 'cyber-stalk*' oubyen 'cyberbully*' sou yon lot moun
- Fose* oubyen peze* yon lot moun
- Fè menas violans oubyen di movè bagay sou yon lot moun

Langaj Ki Pa Apwopriye

Antanke etidjan mwen pral:

- Trète lot moun ak respè
- Sèvi ak langaj apwopriye
- Ofri kritik kap ede moun lè sa-a apwopriye

Antanke etidjan mwen pap:

- Sèvi ak langaj obsènn, pwofann, librik, vilgè, mechan, menasan oubyen kap manke moun respè
- Pesekite lot moun
- Kominike ranseyman ki fo oubyen ki difamatwa espre konsènan yon moun oubyen yon oganizasyon
- Pataje yon mèsaj ki te prive san mwen pa genyen pèmisyon moun ki te voye mèsaj-la
- Pataje ranseyman prive yon lot moun
- Patisipe nan 'sexting'
- Sèvi ak langaj diskriminatwa

Sekirite Sistèm

Antanke etidjan mwen pral:

- Pèmèt nenpòt ki pwofèsè, administratè oubyen pèsonel teknik (IT) OCPS-yo revize travay ak aktivite mwen ki te fèt sou yon aparey lekòl oubyen rezo OCPS nenpòt ki lè
- Mande pèmisyon avan mwen konnekte aparey pa mwen nan rezo OCPS
- Finn si ke distrik-la finn apwouve tout aparey mwen itilize sou rezo OCPS

Antanke etidjan mwen pap:

- Itilize teknoloji pou mwen jwenn aksè nan not etidjan oubyen dosye prive etidjan-yo, oubyen lot ranseyman etidjan
- Telechaje lojisyel, aplikasyon, ekstansyon oubyen 'plug in' ki pa otorize sou yon aparey lekòl
- Gaye viris konpyoutè espre
- Pase anlè, detwi, deranje, modifiye oubyen abize aksè OCPS nan rezo



Lekòl Piblik Oranj Kanti (OCPS)

Akò Etidjan Pou Itilizasyon Teknoloji Ki Akseptab E Responsab

Plajya Ak Dwa Otè

Antanke etidjan mwen pral:

- Bay sous mwen kredi lè m'ap sèvi ak dosye, ranseyman, imaj oubyen lot materyel lot moun
- Respekte travay lot etidjan ak lot moun

Antanke etidjan mwen **pap**:

- Bay dosye, ranseyman, imaj oubyen materyel lot moun e di ke se pou mwen li ye
- Asiste yon lot etidjan fè plajya
- Telechaje oubyen pataje dosye anliy ilegalman
- Kopye, domaje oubyen efase travay lot etidjan

Dwa Etidjan

Libète Ekspresyon

Dwa etidjan nan libète ekspresyon, jan li bay nan Kod Kondwit Etidjan, ap aplike tou pou komunikasyon sou entènèt e sou 'World Wide Web'. Entènèt OCPS konsidere tankou yon foròm limite, tankou yon jounal skolè e kidonk, OCPS kapab limite lapawòl pou rezon edikasyonel valid. Sepandan, lapawòl pap limite sou yon baz dezakò ak opinyon ke yon etidjan ap ekspri.

Fouye Ak Sezi

Paran ak gadyen legal genyen dwa mande pou yo wè konteni dosye etidjan-yo ki nan nenpòt kilès nan stokaj ranseyman distrik genyen. OCPS ap koòpere nèt ak tout ofisye lokal, leta oubyen federal nan nenpòt ki investigasyon an rapò ak nenpòt ki kalite aktivite ilegal ki fèt sou rezo OCPS-la.

Yon fouy endividyel pral fèt si genyen yon sispisyon rezonab ke etidjan-yo viole akò sa-a, règleman OCPS-yo, Kod Kondwit Etidjan, oubyen la lwa. Envestigasyon-a ap rezonab e an rapò ak violasyon ki sispekte.

Pwosedi Ofisye

Administratè-yo pral koòpere nèt ak tout ofisye lokal, leta oubyen federal nan nenpòt ki investigasyon an rapò ak nenpòt ki kalite aktivite ilegal ki fèt a travè aksè rezo OCPS-la. Si violasyon enplike yon violasyon Kod Kondwit Etidjan-a tou, li pral okipe jan li dekri nan dokiman sa-a.

Limit Responsabilite

OCPS pa fè okenn garanti ke fonksyon oubyen sèvis ki ofri nan oubyen a travè rezo OCPS pap genyen kèk erè oubyen kèk defo. OCPS pap responsab pou nenpòt ki domaj ki rive, i konpri me pa limite nan, pèt ranseyman oubyen entèripsyon sèvis. Etidjan-yo responsab pou yo fè kopi 'bakup' tout dosye depi yo gradye oubyen depi yo kite lekòl. OCPS pa responsab pou presizyon oubyen kalite ranseyman ki jwenn a travè oubyen ki stoke sou rezo. OCPS pap responsab pou obligasyon finansye ki rive pou tèt itilizasyon rezo ki pat otorize ki lakòz yon move itilizasyon ki fèt espri.

Violasyon oubyen abi elektronik ak entènèt oubyen aparye komunikasyon oubyen nenpòt ki règleman ke Konsey Direksyon Skolè te adopte an rapò ak itilizasyon aparye telekomunikasyon oubyen elektronik kapab rezilte nan yon disiplin an akò ak Kod Kondwit Etidjan. Administratè OCPS-yo genyen sel diskresyon pou yo detèminen si nenpòt ki komunikasyon, imaj, oubyen ilustrasyon elektronik viole akò sa-a ak Kod Kondwit Etidjan-a.

AKÒ PARAN/GADYEN LEGAL

Etidjan-ou li e siye akò pi wo sa-a chak fwa li konnekte tèt-li sou yon konpyoutè distrik-la.

Mwen konprann ke endividi ak fanmi kapab kenbe responsab pou violasyon. Mwen konprann ke kèk materyel sou entènèt kapab pa bon e ke, malgre ke OCPS ap sèvi ak yon sistèm pou filtre pou bloke le plis ke posib nan sit sa-yo, pa genyen okenn sistèm ki kapab bloke 100% materyel pa apwopri ki sou entènèt.

Mwen bay konsantman mwen pou itilizasyon platfòm media sosyal apwouve pou rezon aktivite edikasyonel. (Lekòl Siperyè SELMAN)

I agree.



Lekòl Piblik Oranj Kanti

Fòm Relach Model- Konsantman, Renonsyasyon, e Relach

Not pou paran/gadyen legal: N'ap fè pwomosyon etidjan ak pwogram Lekòl Piblik Oranj Kanti ("OCPS") a travè foto, video, sou Facebook, sou paj entènèt nou, nan jounal, e ak tout lot mwayen ki disponib. Fòm sa-a bay nou pèmision pou etidjan-ou parèt nan sit oubyen materyel enfomasyonel oubyen pwomosyonel OCPS-yo pou itilizasyon kounya oubyen nan le fiti.

Pou e an konsiderasyon de benefis ki pral vini de avansman pwogram edikasyonel-yo, Konsey Direksyon Skolè Oranj Kanti, Laflorid genyen ("Konsey Direksyon"), (Mwen) (Nou) pèsoneleman e nan

_____ ("non etidjan"), ap bay konsantman, otorizasyon e bay pèmision bay Konsey Direksyon ak OCPS ak manm respektif-yo, direktè-yo, ajan-yo, anplwaye-yo ak reprezantan-yo pou yo pran foto, video, anrejistreman, oubyen pòtre ak son oubyen san son (tout ansanm, "Imaj") Etidjan-a, e pi plis bay konsantman ke imaj sa-yo kapab gaye oubyen pibliye pou toujou nan tout media piblik ke nou konnen kounya e nan le fiti i konpri, me pa limite nan, jounal lokal, entènèt, paj sou entènèt, anliy, televizyon, oubyen nenpòt ki lot kalite media sosyal oubyen tout kalite kopi bagay sa-yo pou tout rezon ke Konsey Direksyon ak OCPS jije apwopriye.

Lè (mwen) (nou) ap bay pèmision sa-a, sa vle di ke (mwen) (nou) ap bay Konsèy Direksyon ak OCPS tout dwa, tit ak enterè ke (mwen) (nou) kapab genyen nan foto, negatif-yo, repwodiksyon oubyen kopi Imaj-yo e renonse a tout dwa mwen (nou) genyen pou apwouve itilizasyon Imaj-yo e renonse tou a tout dwa konpansasyon (resevwa lajan) pou piblikasyon ak lot itilizasyon Imaj-yo. Paran oubyen gadyen legal ap relache, dechaje, angaje tèt-li pou li pa fè pwosè, e pa kenbe Konsey Direksyon ak OCPS ak manm respektif, ajan, anplwaye, ak reprezantan responsab ak benefisyè chak (tout ansanm, "Pati Relache") de tout kalite demann, domaj, blèsi pou moun oubyen pwopriete, lakòz aksyon, menas fè pwosè nan lajistis, pèt, fre, depans (i konpri fre avoka), ak responsabilite nenpòt ki kalite ki kapab soti de nenpòt ki fason de itilizasyon Imaj-yo.

AKO PARAN/GADYEN LEGAL

Mwen bay konsantman mwen pou foto, video, anrejistreman, oubyen pòtre etidjan ak son oubyen san son nan materyel enfomasyonel oubyen pwomosyonel OCPS-yo pou itilizasyon kounya oubyen nan le fiti.

I agree.



DWA PARAN/GADJEN LEGAL: DOSYE ETIDJAN

Antanke paran, Akt pou Dwa Edikasyonel Lafanmi ak Entimite (FERPA) pèmèt ou kèk dwa konsènan dosye edikasyonel etidjan-ou. Dwa sa-yo se:

1. Dwa enspekte e revize dosye edikasyonel nan yon limit 45 jou apre ke lekòl-la resevwa yon demann pou aksè. Ou bezwen voye yon demann pa ekri nan men prensipal-la kap idantifye dosye ke ou vle enspekte. Prensipal-la ap fè aranjman pou aksè e l'ap fè ou konnen ki lè ak ki kote ouap kapab enspekte dosye-yo.
2. Dwa mande pou chanjman nan dosye edikasyonel etidjan fèt, ke ou panse ki enkorèk oubyen kap tronpe. Ou bezwen ekri prensipal-la, idantifye klèman moso nan dosye ke ou vle chanje, e eksplike pou kisa li enkorèk oubyen l'ap tronpe. Si lekòl-la decide pa chanje dosye jan ou te mande, lekòl ap fè ou konnen desizyon-li e l'ap di ou ke ou gen dwa nan yon odyans konsènan demann pou chanjman-a.
3. Dwa bay konsantman-ou pou moun gaye ranseyman idantifikasyon pèsone ki andedan dosye edikasyonel etidjan, sof jis nan limit ke FERPA ap otorize gaye ranseyman san pèmisyon. Yon eksepsyon, ki pèmèt pou ranseyman gaye san pèmisyon, se bay ranseyman nan men ofisyel skolè ki genyen enterè edikasyonel lejitim. Yon ofisyel skolè se yon moun ki travay pou distrik-la antanke yon administratè, yon sipèvizè, yon enstriktè, oubyen yon pèsone de sipò ; moun ki nan Konsèy Direksyon Skolè ; oubyen moun oubyen antrepriz ak kilès distrik-la genyen yon kontra pou fè yon travay spesifik. Yon ofisyel skolè genyen yon enterè edikasyonel lejitim si ofisyel-la bezwen revize yon dosye edikasyonel pou li kapab ranpli responsabiltè pwofèsyonel li-yo. Ranseyman idantifikasyon pèsone ap relache san pèmisyon nan men ofisyel apwopri nan sityasyon irjans, pou obeyi nan yon sityasyon ki fèt legalman e nan ka ki konsènan prezans obligatwa nan lekòl ak nan ka abi ti moun.
4. Dwa fè yon plent ak Depatman Edikasyon Peyi Etazini konsènan defo sipoze lekòl te manke fè pou li obeyi nan obligasyon FERPA mande. Adrès biro kap administre FERPA se: Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Avenue, SW, Washington, DC 20202-4605.

RELACH RANSEYMAN DE REPETWA

Lekòl Piblik Oranj Kanti kapab relache "ranseyman de repetwa" kap swiv san yo pa gen pèmisyon-ou sof si ou kite prensipal-la konnen pa ekri nan yon limit tan di (10) jou ouvrab a kòmanse nan dat ou resevwa avi piblik sa-a.

Ranseyman de repetwa: Non etidjan, adrès, nivo klas-li (si jinyò oubyen Senyò), dat prezans, patisipasyon nan aktivite ak spò ke lekòl apwouve, pwa ak otè manm ekip atletik-yo, pri ak onè li resevwa. (Moun kap rekrute pou lame kapab jwenn nimero telefòn etidjan-yo tou ki nan lekòl siperyè.)

Anba pwovizyon Akt pou Dwa Edikasyonel Lafanmi Ak Entimite (Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)), ou genyen le dwa kenbe relach ranseyman de repetwa ki liste pi wo. **Si ou decide ke ou pa vle pou lekòl-la relache ranseyman ki liste pi wo, tout demann fiti pou "ranseyman de repetwa" de endividi, oganizasyon ak lot antite ki pa nan biznès ak lekòl oubyen ak distrik-la ap refize. Tanpri tchèke liy pi ba si ouap mande pou nou kenbe bagay ki liste pi wo.**

_____ **Mwen pa vle pou ranseyman repetwa pitit mwen relache jan li ekri pi wo.**

Si prensipal lekòl-la pa resevwa fòm sa-a nan yon limit tan di (10) jou ouvrab, n'ap konprann ke ranseyman ki pi wo ap kapab relache pou restan tan ane skolè ap dire.

Submission Number:
